

# Èske ou Prepare pou yon Vag Tanpèt/Pèt Inondasyon?

Inondasyon se yon dezas natirèl ki ka afekte ou kèlkeswa kote ou ye. Moun Florida yo, espesyalman sila yo k ap viv nan kòt yo, yo gen pi gwo risk inondasyon akòz vag tanpèt ki gen relasyon a tanpèt twopikal epi sìklòn yo. Inondasyon anndan akòz gwo van epi vag tanpèt pandan tanpèt twopikal ak sìklòn yo te yo menm tou fè gwo dega.

Kontra Citizens ou a, tankou lòt kontra asirans pwopriyetè yo, pa kouvri vag tanpèt oswa pèt inondasyon. Lejislasyon an fè li obligatwa pou pifò moun asire Citizens ki gen kouvèti van pou yo kenbe yon kontra asirans inondasyon. Se sèlman asirans inondasyon ki kouvri pri domaj ak pèt inondasyon.

Asirans inondasyon disponib atravè konpayi prive epi Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon (NFIP), ke ou ka achte atravè ajan asirans ou a. Ou ka kontakte tou NFIP dirèkteman lè ou vizite [www.floodsmart.gov](http://www.floodsmart.gov) pou yon ajan referans ka ede ou ak airans inondasyon.

La versión en español está disponible en [www.citizensfla.com/brochures](http://www.citizensfla.com/brochures).

The English version is available at [www.citizensfla.com/brochures](http://www.citizensfla.com/brochures).

**Pou plis enfòmasyon:**  
[www.floodsmart.gov](http://www.floodsmart.gov)  
oswa rele 877.336.2627

